

**ANALISIS STRUKTUR AJÉN DIDAKTIK DINA NOVEL HADIAH KECIL
DARI TUHAN KARYA ADI RUSTANDI JADI ALTERNATIF BAHAN
PANGAJARAN BASA INDONESIA PIKEUN MURID KELAS XII SMA.**

ku

VISMAIA LARAS UTAMI

185030018

RINGKESAN

Mikaweruh sawangan pangarang ngeunaan novél anu dibaca mangrupa hal anu teu gampang, malah loba keneh murid anu henteu mampu napsirkeun maksud pangarang dina novél anu ditulis ku pangarang eta sorangan. Dumasar kana éta hal, panulis ngayakeun panalungtikan anu miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun unsur intrinsik jeung ajén didaktis dina novel Adi Rustandi “Hadiah Kecil dari Tuhan” sarta mikanyaho kasaluyuan ajén didaktis dina novél “Hadiah Kecil dari Tuhan” karya Adi Rustandi minangka alternatif pangajaran dina ngawangun karakter siswa anu berkualitas. Méthode panalungtikan anu digunakeun ku pangarang nya éta méthode déskriptif kualitatif. Dina ieu hal, peran panulis salaku human instrument. Hasil panalungtikan nuduhkeun yén ajén didaktis anu nyangkaruk dina novél “Hadiah Kecil dari Tuhan” lolobananya éta ajén kagigihan jeung kateguhan, nyaéta aya 18 data. Tina éta data, ieu novel ngandung ajén-inajén positip kusabab réa picontoeun sarta ajén positif anu bisa dijadikeun atikan pikeun murid. Dumasar kana hasil validasi anu dilaksanakeun ku dua guru anu geus sertifikasi, LKPD anu disusun meunang peunteun validasi anu alus. Sedengkeun dumasar kana hasil uji coba LKPD ka sapuluh siswa SMAN 1 Margaasih, nuduhkeun yén genep siswa meunang katégori alus pisan jeung opat siswa meunang peunteun alus. Ku kituna, dumasar kana hasil analisis dina ieu panalungtikan, novel “Hadiah Kecil dari Tuhan” karya Adi Rustandi bisa dijadikeun alternatif bahan ajar sastra murid kelas XII SMA.

Kecap Konci: analisis, unsur intrinsik, ajén didaktis, novel, bahan pangajaran